



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 15 MILYON DOLA POU KOMINOTE ÒGANIZATÈ INDIAN POINT YO AK PWOJÈ ANVIWONNMANTAT YO

Investisman sa ap pwofite jiska 13 milyon dola finansman Eta ak federal adisyonèl

Pwojè a vize melyorasyon sante piblik, sipòte rechèch anviwònmantal, ak bay fòmasyon pwofesyonèl

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Eta a te deja bay 15 milyon dola pou pwojè enfrastrikti lokal yo, fòmasyon pwofesyonèl, siveyans deklasman, ak rechèch anviwònmantal nan kominote òganizatè yo nan ansyen santral enèji nikleyè Indian Point lan. Prim yo te posib gras aK yon antant legal New York te pran ak Entergy, ki se ansyen pwopriyetè Indian Point lan, nan kad akò 2017 li a pou fèmen santral nikleyè ki aje a.

"Finansman sa a se yon pati nan yon apwòch konplè pou asire ke fèmte Indian Point lan pa tradui pa yon mank investisman nan rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an angaje li pou li travay ak sendika yo ak lidè lokal yo pou yon tranzisyon ki ranfòse ekonomi lokal la, trete travayè yo san patipri, epi ki pwoteje anviwònman Eta New York la."

"Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li akselere pri sa yo", **Deklarasyon Prezidan Gwoup Travay pou Fèmte Indian Point lan, Tom Congdon.** "Kounye a, nou ka maksimize lòt fon k ap antre nan rejyon an, ede travayè ki afekte pa fèmte santral la, kontinye rechèch enpòtan sou Hudson River a ki te riske kanpe, epi founi plis sètitud finansye bay gouvènman lokal ki afekte yo ki bezwen planifye pou gwo pwojè enfrastrikti yo."

Jodi a, yo te voye lèt notifikasyon prim yo bay Vil Cortlandt ak Vilaj Buchanan, Historic Hudson Valley, Teamsters Local 456, Hendrick Hudson School District (Distri Lekòl Hendrick Hudson) lan, ak Hudson River Foundation pou pwojè sa yo:

Vil Cortlandt ak Vilaj Buchanan: 7 milyon dola

- Pou sipòte planifikasyon kat pwojè egou entèminisipal yo, ki gen ladan renovasyon ak ekspansyon Izin Tretman Dlo Ize Buchanan lan ak koneksyon

yon nouvo distri egou nan Montrose, ki fèt pou ensite jiska apeprè 10 milyon dola nan lajan adisyonèl eta a.

Hudson River Foundation: 6.5 milyon dola

- Pou Pwogram Siveyans Biyolojik Hudson River a, ki gen ladann finansman yon varyete efò rechèch pou kontinye kontwole sityasyon popilasyon pwason yo nan Hudson River ak sous alimantè yo (chèn alimantè ki pi ba) pou pwason Hudson River yo. Pwogram sa a te deja finanse pa Entergy anvan fèmen santral la epi li te enkli nan Akò Règleman an kòm yon pwojè priyorite ki dwe finanse.

Historic Hudson Valley: 750,000 dola

- Pou amelyorasyon entegrite istorik ak anviwonmantal nan pwopriyete mize a epi pou pwofite yon sibvansyon Administrasyon Otowout Federal ki koute 3 milyon dola ki ta otreman pèdi pou Pwojè Van Cortlandt Manor Gateway la.

Hendrick Hudson School District: 500,000 dola

- Pou achte ak opere ekipman siveyans lè nan Buchanan-Verplanck Elementary School pandan deklaman.

Teamsters Local 456: 250,000 dola

- Pou achte yon similatè pou fòmasyon kondiktè komèsyal ki pral bay manm sendika yo fòmasyon ak nouvo konpetans pwofesyonèl.

Senatè Pete Harckham te deklare, "Anons jodi a se yon bon nouvèl pou rezidan yo nan kominote yo ki plis afekte akòz fèmen Indian Point Energy Center a. Investisman enpòtan sa yo nan enfrastrikti pral ede nan redevlopman ekonomik nan kominote ki afekte yo. Genyen tou investisman enpòtan ki ap fèt nan sekirite anviwonmantal, fòmasyon pwofesyonèl ak prezèvasyon istorik. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou investisman enpòtan sa yo."

Manm Asanble a, Sandy Galef, te deklare, "Akò sa a se yon sityasyon gányan gányan pou kominote lokal yo, devlopman pwofesyonèl, ak pwoteksyon anviwonman bò Hudson River a. Avèk distribisyon 15 milyon dola Fon Kominotè a ki gen rapò ak akò Indian Point lan, mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou sipò finansye eta a bay kominote mwen reprezante yo ki te òganize izin nikleyè yo pandan plizyè deseni."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte, te deklare, "Sa a se yon lòt egzanp sou sa yon bon gouvènman ka fè lè nou reyini ansanm pou fè sa ki byen. Gras ak fon sa yo pwojè enfrastrikti nesèsè sa yo pral demare. Sa se yon bon nouvèl pou rezidan Westchester yo, paske nou tout benefisye dlo, lè ak enfrastrikti fizik amelyore, ak yon bon nouvèl pou mendèv Westchester a paske finansman sa yo ka mennen plis travay dirèkteman."

Majistra Vilaj Buchanan lan, Theresa Knickerbocker, te deklare, "Vilaj Buchanan ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Gwoup Travay pou Fèmti Indian Point lan pou pri

sa a, ki pral pèmèt Vilaj Buchanan fè amelyorasyon ki nesèsè anpil nan Izin Dlo Ize ki aje nou an epi prepare nou pou avni kominote nou an."

Sipèvizè Vil Cortlandt lan, Linda Puglisi, te deklare, "Nan non vil Cortlandt, mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Gwoup Travay la paske yo te bay resous kle yo pou sipòte enfrastrikti dlo pwòp nou yo, elaji opòtinite pou nouvo biznis nan kominote nou an, ak opòtinite egou pou biznis aktyèl nou yo nan zòn nou an."

Prezidan Teamsters Local 456 lan, Louis Picani, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Gwoup Travay Indian Point lan pou jwenn prim sa a, ki pral pèmèt mendèv nan etablisman Indian Point lan resevwa fòmasyon ki nesèsè pou tranzisyon nan direksyon karyè konduit pwofesyonèl esansyèl."

Sirentandan Hendrick Hudson School District la, Joseph Hochreiter, te deklare, "Nan non kominote lekòl Hendrick Hudson lan, nou remèsye Gouvènè Hochul ak Gwoup Travay la. Angajman yo genyen pou bay 500,000 dola pral pèmèt nou bay plis mezi sekirite ak asirans pou deklasman nan etablisman lekòl nou yo."

Vis Prezidan Prensipal Historic Hudson Valley a, Peter Pockriss, te deklare, "Nou trè rekonesan pou finansman esansyèl sa a, ki pral pwofite dola federal yo epi fè amelyorasyon nan anviwònman an ak nan enfrastrikti posib ki pral asire sekirite, konfò, ak plezi pou vizitè nan Van Cortlandt Manor yo."

John Lipscomb, Kapiten bato patwouy Riverkeeper (Gad Rivyè) ak Vis Prezidan pou Defans lan, John Lipscomb, te deklare, "Riverkeeper trè kontan poutèt desizyon Eta New York pran pou sipòte yon seri pwojè, kominote ak moun divès atravè Fon Kominotè ak Anviwonnmantal Indian Point (Indian Point Community and Environmental Fund). Nou kontan patikilyèman lè nou wè finansman pou kontinye Pwogram Siveyans Byolojik Hudson River a, ki te finanse pandan plizyè deseni pa santral elektrik yo pou mezire enpak destriktif yo sou ekosistèm Hudson River a. Antanke youn nan sondaj kontinyèl sou popilasyon pwason ki pi konplè nan mond lan, li enpòtan pou efò kontinyèl yo pou restore popilasyon pwason ki te epuize yo."

Anons jodi a se dènye egzanp Eta a k ap travay ansanm ak jiridiksyon taks lokal yo, lejislatè yo, sendika yo, ak lidè kominotè yo pou tranzisyon fon fason responsab ekonomi rejyon an apre fèmti santral lan an avril 2021. Bidjè ki te adopte pou ane sa a te gen ladann ase otorizasyon finansman pou bay konte Westchester, Vil Cortlandt, Vilaj Buchanan ak Hendrick Hudson School District sèt ane sibvansyon tranzisyonèl nan kad [Pwogram Diminasyon Risk pou Fèmti Enstalasyon Pwodiksyon Elektrik \(Electric Generation Facility Cessation Mitigation Program\)](#) Eta ke Empire State Development lan administre.

Yo prevwa bay jiridiksyon taks sa yo plis pase 100 milyon dola sou sèt ane, sa k ap bay yo tan pou yo ajiste pèt apeprè 32 milyon dola pa ane ke Entergy te peye lè santral la t ap fonksyone.

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418